

Komite Kontaj Konplè

PATISIPE

Èske ou...

...genyen kèk lide sou fason pou gaye
nouvel la konsènan enpòtan
Resansman Federal 2020 an?

...panse w konnen kisa kominote w la
bezwen?

...vle travay kòm volontè?

Enben ou ta dwe fè pati yon
Komite Kontaj Konplè!

KISA?

Komite Kontaj Konplè yo se patenarya ant
gouvènman etatik ak lokal yo, òganizasyon
kominote yo, gwoup relijye yo, lekòl yo, biznis
yo, medya ak lòt yo ki pral travay ansanm nan
fè pwomosyon pou Resansman Federal 2020
an. Komite Kontaj Konplè yo pral kapab entegre
konesans lokal, enfluyans ak resous yo pou edike
rezidan yo sou enpòtan jwenn yon kontaj
konplè nan Resansman Federal 2020 an.

KI MOUN?

Komite Kontaj Konplè lokal yo dabitid fòme
ak ofisyèl eli ki pi wo a nan minisipalite sa
a. Yo ta dwe se reprezantatif yon gwoup
transvèsal kominote a epi ede aplike yon kanpay
sansibilizasyon kreyatif nan zòn yo ki kapab
reprezante yon defi nan lane 2020. Manm yo
ta kapab enkli moun ki nan domèn edikasyon,
medya, biznis, relijyon, ak gwoup kominote yo.

KILÈ?

Kounye a! Li pa janm twò bonè. Fòmasyon
imedyat la pral asire yon pi bon konpreyansyon
pwosesis resansman an, konsa ogmante volonte
kominote a pou patisipe nan siskè kontaj
resansman 2020 an.

KI KOTE?

Nou ap fòme Komite Kontaj Konplè yo atravè
tout eta a pou travay ak gwoup kominote yo nan
minisipalite pa yo pou ankouraje patisipasyon
nan kontaj resansman 2020 an. Objektif la se
pou travay ak lidè ak aktivis kominote yo pou
enfòme, edike epi ankouraje rezidan yo pou
ranpli fòm Resansman Federal 2020 an nan zòn
ki ta kapab mwens konte yo, tankou:

- Pa pale Angle,
- Genyen konpetans limite nan Anglè,
- Lwe yon rezidans,
- Moun jèn ak mobil (eg, jèn adilt ki demenaje
souvan),
- Rezidans nan zòn rural oswa zòn ki izole
jeografikman.

POU KISA?

Fokis prensipal yon Komite Kontaj Konplè a se
fè pwomosyon Resansman Federal 2020 an nan
yon kominote patikilye pou fè si ke chak rezidan
nan zòn sa a konte. Manm kominote lokal yo pi
kalifye pou konprann pi byen meyè fason pou
rive jwenn tout popilasyon yo ki abite nan zòn
yo a.

**Massachusetts
bezwen èd ou pou fè
Resansman Federal
2020 an
yon siksè!**

KIJAN POU M JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Resansman Federal 2020

Sant Sèvis Kliyantèl Resansman U.S.:
1-800-923-8282
Sitwèb: www.2020census.gov

Sekretè Divizyon Resansman Commonwealth La

Telefòn: 617-727-0420
Imèl: ma2020census@sec.state.ma.us
Sitwèb: www.ma2020census.org

Rele Biwo Nou Gratis

1-833-MA1-2020
(1-833-621-2020)



Sekretè Commonwealth La
William Francis Galvin
te deziyen kòm lyezon Commonwealth
la ak Biwo Resansman U.S. la pou
Resansman Federal 2020 an.

Resansman Etazini 2020

**Pou kisa li Enpòtan
pou Oumenm ak
Massachusetts!**



**Yon Vizyon Klè pou
Massachusetts**



William Francis Galvin

Sekretè Commonwealth La
Lyezon pou Resansman
Massachusetts 2020
www.ma2020census.org

Kesyon ak Repons Sou Resansman 2020 An

KISA?

Kontaj • Resansman an se yon kontaj chak moun ki ap viv nan Etazini. Kontaj obligatwa sa a egzijib nan Konstitisyon Etazini an.

KI MOUN?

Tout moun • Popilasyon Etazini an dwe konte. Sa enkli moun tout laj, ras, gwoup etnik, sitwayen ameriken ak moun ki pa sitwayen ameriken. Biwo Resansman an makòde ak Tit 13 nan Kòd Etazini. Lalwa Federal pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou bay pandan resansman an.

KILÈ?

Chak 10 an • Resansman Federal la fèt chak 10 an. Pwochen Resansman Federal la pral fèt nan ane 2020. Ou pral resevwa yon korespondans sou resansman an anvan Jou Resansman an (1e avril), 2020. Resansman Federal la diferan de lis anyèl pou lari yo, ke yo voye chak ane bay vil oswa vilaj kote ou abite a.

KI KOTE?

Tout Kote nan U.S. • Resansman Federal la konte tout moun yo ki ap viv nan Etazini, ki enkli tout 50 eta yo, Distri Columbia ak teritwa U.S. yo.

KIJAN?

Sou entènèt, nan telefòn oswa pa lapòs • Biwo Resansman U.S. la pral voye yon lèt pou envite w ale nan entènèt epi ranpli fòm resansman w lan si ou kapab. Pa enkyete w si ou pa genyen aksè nan entènèt — ou kapab reponn pa mwayen telefòn oswa sou papyè, tou. Li pran apeprè 10 minit pou ranpli kesyonè a. Kesyonè sou entènèt la pral disponib nan 13 lang (Angle, Panyòl, Chinwa, Vyetnamyen, Koreyen, Ris, Arabik, Tagalog, Polonè, Franse, Kreyòl Ayisyen, Pötigè ak Japonè). Asistans pral disponib tou nan lang sa a yo.

Si Biwo Resansman U.S. la pa resevwa yon repons soti nan fwaye w, yo pral voye yon fòm pa lapòs. Fwaye yo ki mande suivi pral resevwa apèl oswa vizit yon travayè resansman (ou kapab idantifye travayè resansman yo ak yon badj resansman).

POU KISA?

Li enpòtan • Enfòmasyon an yo kolekte pandan Resansman Federal la detèmine fon federal pou kominote w la, reprezantasyon kominote w la nan Kongrè ak planifikasyon desizyon ki fèt nan kominote w la.

Lalwa egzije sa • Enfòmasyon ou bay yo konbine ak repons vwazen w yo ak lòt fwaye yo atravè peyi a, pou founi done estatistik ke divès ajans lokal, etatik ak federal itilize.

ÈSKE DONE RESANSMAN KONFIDANSYÈL?

TOUTAFÈ! • Repons ou yo pwoteje pa lalwa (Tit 13 nan Kòd Etazini, Seksyon 9) epi yo toutafè konfidansyèl. Li ilegal pou Biwo Resansman an, oswa anplwaye li yo, pou pataje enfòmasyon pèsònèl ou ak nenpòt lòt ajans gouvènmantal, lapolis lokal, IRS, Sante ak Sèvis Imen (HHS), FBI, ICE, elatriye.

Menm U.S. Prezidan an pa kapab genyen aksè nan repons endividyèl ou yo.

KIJAN RESANSMAN AN AFEKTE MWEN?

Done Resansman an afekte fon nan kominote w la • Done Resansman an afekte kijan plis pase **675 milya dola pa ane** nan fon etatik ak federal alwe bay kominote yo pou amelyorasyon katye yo, sante piblik, edikasyon, transpò ak plis ankò. Pran sèlman kèk minit pou ranpli fòm resansman w lan pral ede fè si kominote w la jwenn pati ekitab li nan fon etatik ak federal la.

Resansman afekte vwa ou nan Kongrè • Kantite reprezantatif yo nan Kongrè detèmine pa kantite rezidan nan Massachusetts nan sa ki lye ak kantite rezidan nan Etazini. Pou kounye a, nou genyen 9 U.S. Reprezantatif - nan bi pou nou prezève reprezantasyon nou, nou dwe fè si ke chak moun konte pou Massachusetts kapab kenbe vwa fò li yo nan Kongrè a.

Done Resansman afekte reprezantasyon w nan gouvènmant lokal ak etatik • Yo itilize done

Fason yo Itilize Done Resansman

- Nan detèmine montan fon federal pou Massachusetts.
- Nan trase distri lejislatif federal, etatik, ak lokal yo.
- Nan ede moun aje, andikape ak veteran yo.
- Nan distribye sibvansyon federal bay ajans edikatif yo.
- Nan atire nouvo biznis nan rejyon etatik ak lokal yo.
- Nan prevwa bezwen transpò fiti yo pou tout sègman nan popilasyon an.
- Nan planifye sèvis transpò piblik yo.
- Nan prevwa bezwen lojman fiti yo pou tout sègman nan popilasyon an.
- Nan oryante fon pou sèvis pou moun pòv yo.
- Nan konsevwa estrateji pou sekirite piblik.
- Nan bay fon pou reparasyon ak konstriksyon wout.
- Nan ede pwopriyetè potansyèl kay yo fè rechèch sou valè pwopriyete yo, revni medyan ak lòt enfòmasyon demografik sou yon kominote patikilye.
- Nan detèmine ki kote travay ak pwogram travay yo nesese.
- Nan planifye sèvis sante ak edikatif pou moun andikape yo.
- Nan estime ki kantite moun dezans natirèl yo deplase.
- Nan devlope pwogram asistans pou Endyen Ameriken yo.
- Nan kreye kat pou akselere sèvis pou fwayeyo ki bezwen asistans.
- Nan konsevwa etablisman pou moun andikape, moun aje, oswa timoun yo.
- Nan fasilite rechèch syantifik.
- Nan trase limit distri lekòl yo.
- Nan plaifye bidjè pou gouvènmant nan tout nivo.
- Nan etabli mache pri lwaye ki jis epi aplike pratik prete ki ekitab.
- Nan oryante sèvis pou timoun ak adilt yo ki genyen konpetans limite nan lang Angle.
- Nan planifye sèvis pou lopital, mezon retrèt, klinik ak lokasyon lòt sèvis sante yo.
- Nan prevwa zòn devlopman rural ak vil yo.
- Evalye potansyalite pou pwopagasyon maladi kontajye yo.
- Nan fè planifikasyon pou òganizasyon relijye yo.
- Nan lokalize sit faktori ak sant distribisyon yo.
- Nan founi rechèch sou zansèt.
- Nan planifye pwojè lekòl yo.
- Nan devlope pwogram edikasyon pou adilt.
- Nan fè rechèch nan domèn sijè istorik yo.
- Nan detèmine zòn yo ki elijib pou asistans nan lojman ak reparasyon prè yo.

Resansman Federal la pou defini distri lejislatif yo, zòn plasman distri lekòl yo ak lòt zòn gouvènmantal ki enpòtan.

Done Resansman founi enfòmasyon ki enpòtan ki itilize pou pran desizyon lokal • Resansman Federal la se yon apèsi ki ede defini ki moun nou

ye an tan ke yon nasyon. Done sou chanjman yo nan kominote w la enpòtan anpil pou planifikasyon anpil desizyon, tankou ki kote pou bay sèvis pou moun aje yo, ki kote pou konstwi wout ak lekòl nèt, oswa ki kote pou enstale sant fòmasyon pwofesyonèl yo.